

BAB III


METODÉ PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data Panalungtikan

Anu dimaksud sumber data dina ieu panalungtikan nya éta subjék ti mana asalna data. Nu mangrupa sumber data dina ieu panalungtikan nya éta naskah drama *Pundén-Pundén nu Rarempag* karya R. Hidayat Suryalaga. Sakabéh téks anu kapanggih dina naskah drama *Pundén-Pundén nu Rarempag* karya R. Hidayat Suryalaga dumasar unsur pangwangun carita jeung ajén moral baris dititén tur diguar dina nieu panalungtikan.

3.2 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah atawa tahapan panalungtikan, nya éta tahap ngumpulkeun data, tahap ngolah data, jeung nyusun laporan. Dina tahap ngumpulkeun data, panulis ngaliwatan tahap maca sagemblengna naskah drama *Pundén-Pundén nu Rarempag* jeung nganalisis data dumasar kana struktur drama. Dina tahap ngolah data ngadéskripsikeun eusi naskah tur nyieun kacindekan ajén moral tina data nu geus. Pamungkasna nya éta nyusun laporan.



3.3 Méthode Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh baris ngadéskripsikeun jeung nganalisis data anu aya dina naskah *Pundén-Pundén nu Rarempag* karya R. Hidayat Suryalaga dumasar kana unsur pangwangun drama jeung ajén moral nu aya dina éta naskah drama. Ku kituna, méthode nu luyu dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif analisis. Méthode anu digunakeun pikeun ngungkulan pasualan-pasualan faktual ku jalan ngumpulkeun jeung ngadéskripsikeun data, nyusun papasingan, nganalisis jeung nafsirkeun data.

Saperti nu diungkarakeun ku Ratna (2004:53) yén méthode déskriptif analisis téh nya éta méthode anu ngadéskripsikeun fakta-fakta anu satuluyna disusul ku nganalisis.

Prosedur anu bisa dilakonan tina métode déskriptif (a) analisis, (b) interprétasi, (c) évaluasi. Tilu tahap éta dilakonan sacara sistematis, faktual, jeung akurat, luyu jeung puseur masalah anu geus ditetepkeun dina nyanghareupan objek utama panalungtikan (Sutardi, 1992:17).

3.4 Définisi Operasional

Istilah-istilah anu perlu dipedar dina ieu panalungtikan nya éta:

1. ajén téh nya éta hal anu ngirut ati, anu ditéang, anu matak nyenangkeun anu matak pikaresepeun, jeung dipikahayang, singketna mah hal anu hadé (Bertens, 1994: 139);
2. moral dihartikeun hadé goréngna tingkah laku manusa dina hirup kumbuh masarakat (KBBI, 2008:1041);
3. struktur;
4. drama nya éta karya sastra anu tujuanana ngagambarkeun kahirupan ku cara nepikeun ‘tikaian’ jeung ‘émosi’ ngaliwatan paripolah jeung paguneman; biasana dirancang pikeun pagelaran di panggung (Sudjiman, 1990: 22).

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat atawa pasilitas anu digunakeun ku panalungtikan pikeun ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih gampang jeung hasil leuwih hadé ka datana leuwih gampang diolah (Arikunto, 2002:136). Dina ieu panalungtikan digunakeun instrumén tabél pikeun ajén-ajén moral anu

aya dina drama *Pundén-Pundén nu Rarempag*. Anapon format tabél datana saperti ieu di handap.

Tabél 3.1

Ajén Moral Struktur Drama

No.	Kaca-Pada	Unsur Intrinsik	+/-	Palaku	Ajén Moral

3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta téhnik ulikan pustaka jeung téhnik analisis data.

3.6.1 Téhnik Ulikan Pustaka

Téknik talaah pustaka dilakukeun pikeun ngumpulkeun data atawa bahan-bahan ku cara macaan sarta neuleuman eusi jeung nalaah sababaraha pustaka nu raket patalina jeung masalah anu rék ditalungtik. Nu jadi fokus utama dina ieu panalungtikan téh nya éta naskah drama *Pundén-Pundén Nu Rarempag* karya R. Hidayat Suryalaga nu mangrupa objék dina ieu panalungtikan. Ogé dirojong ku buku-buku ngeunaan métodologi panalungtikan, drama jeung ajén moral.

3.6.2 Téhnik Nganalisis Data

Dina ieu panalungtikan, téknik analisis data dipaké pikeun ngaguar data (téks) nu kapanggih dina naskah drama *Pundén-Pundén nu Rarempag* karya R. Hidayat Suryalaga. Sanggeus naskah drama *Pundén-Pundén nu Rarempag* dibaca, tuluy dipaluruh, diteuleuman nepi kapanggih unsur pangwangun sastra jeung ajén moral dina naskah drama. Carana nganalisis dumasar kana unsur pangwangun (téma, galur, tokoh, seting), ajén moral jeung pangajaran aprésiasi sastra, nu satuluyna dipasing-pasing, dicindekkeun jeung ditafsirkeun.

3.7 Langkah Garapan

Rancangan garapan anu dilakukeun dina ieu panalungtikan nya éta tahap tatahar, ngumpulkeun data, nganalisis data, jeung nyusun laporan anu saterusna bakal dipedar saperti ieu di handap.

3.7.1 Tahap Tatahar

Dina tahap tatahar léngkah garapanana saperti ieu di handap:

- 1) talaah pustaka;
- 2) nyieun watesan jeung rumusan masalah;
- 3) ngajukeun judul;
- 4) nyusun rarancang; jeung
- 5) konsultasi ka dosen pangaping.

3.7.2 Tatap Ngumpulkeun Data

Bérés tahap tatahar, diteruskeun kana tahap ngumpulkeun data. Data dina ieu panalungtikan nya éta naskah drama *Pundén-Pundén nu Rarempag* karya R. Hidayat Suryalaga. Anapon léngkah-léngkahna saperti ieu di handap:

- 1) maca sagemblengna naskah drama *Pundén-Pundén nu Rarempag* karya R. Hidayat Suryalaga; jeung
- 2) nganalisis struktur drama dina naskah.

3.7.3 Tahap Ngolah Data

Tahap ngolah data disusun di handap ieu:

- 1) ngadéskripsikeun data; jeung
- 2) nyieun kacindekan ajén moral.

3.7.4 Tahap Nyusun Laporan

Ieu tahap manrupa tahap pangahirna dina ieu panalungtikan. Kegiatana mangrupa nyusun laporan kana wangun skripsi.